

SI W TE VIKTIM YON ZAK RAYISMAN, OU GEN DWA POU:

KONFIDANSYALITE: Ou gen dwa pou fè yon deklarasyon devan otorite lalwa yo, kèlkeswa estati dosye w. Depatman Lapolis Vil New York (New York City Police Department, NYPD) pap janm poze w kesyon sou estati imigrasyon w e gen sèvis sipò ki disponib pou tout moun.

KONFIDANSYALITE: Se yon dwa ke w genyen pou yo pwoteje konfidansyalite w, toukòm oryantasyon seksyèl ou oswa idantite seksyèl ou. Otorite lalwa yo pa otorize yo pataje enfòmasyon w yo ak piblik la oswa ak fanmi w.

ASISTANS POU VIKTIM: Se Safe Horizon ki jere Pwogram Asistans pou Viktim Krim (Crime Victim Assistance Program, CVAP) epi li bay sèvis emosyonèl, sèvis fizik ak sèvis finansye imedya ak planifikasyon sekirite apre yon krim. Ale sou [nyc.gov/cvap](https://www.nyc.gov/cvap) pou jwenn Defansè Viktim Krim (Crime Victim Advocates) nan Sikonskripsyon Lokal ou a.

Kèlkeswa ensidan an, si yo detèmine l kòm yon zak rayisman, Lwa sou Dwa Imen Vil la bay pwoteksyon adisyonèl kont asèlman diskriminatwa. Si ou fè fas a menas, vyolans, oswa domaj nan pwopriyete w akoz idantite w, kontakte Komisyon sou Dwa Delòm nan Vil New York (NYC Commission on Human Rights) nan [NYC.gov/ReportDiscrimination](https://www.nyc.gov/ReportDiscrimination).

AKSÈ NAN LANG: Ou gen dwa pou resevwa sèvis ak asistans nan lang ou pi pito a, ki gen ladan enfòmasyon ki tradui e ke rapò lapolis dekri avèk presizyon sa w ap di yo lè yo tradwi nan lang angle.

VANJANS: Ou pwoteje kont nenpòt aksyon danjere oswa negatif ki te pran kont ou dèske w rapòte devan otorite lalwa yo yon ensidan kote gen prejije oswa diskriminasyon.

Chak Biwo Pwokirè Distri gen yon inite ki angaje yo kòm travayè sosyal ak defansè viktims ki ka ede w nan pwosedi tribinal e yo bay sèvis sosyal ak konsèy pou viktims krim, pou temwen ak fanmi yo.

Si w se yon viktims oswa ou se yon temwen ki enplike nan yon ka ki ankou devan Biwo Pwokirè Distri a epi w ta renmen pale ak yon travayè sosyal oswa ak yon defansè viktims, pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis yo rele:

Manhattan: 212-335-9040

Bronx: 718-590-2114

Brooklyn: 718-250-3820

Queens: 718-286-6812

Staten Island: 718-697-8333

SI W TE VIKTIM ZAK RAYISMAN, OU KAPAB KONTAKTE YON ÒGANIZASYON KOMINOTÈ POU JWENN SIPÒ

Anplis pwogram asistans gouvènman, gen kèk òganizasyon kominotè ki kapab ede w nan planifikasyon sekirite epi ba w sipò sou fason pou rapòte **yon zak rayisman** devan otorite lalwa yo oswa ki bay konsèy ak sèvis. **Ou kapab rele pou mande èd nan lang ou pi pito a.**

67th Precinct Clergy Council:

646-779-6767

Arab American Association of New York:

718-745-3523

Asian American Federation:

718-939-6137

Hispanic Federation:

212-233-8955

Jewish Community Relations:

212-983-4800

NYC Anti-Violence Project:

212-714-1141



POU RAPÒTE YON ZAK RAYISMAN, RELE 911:

ETAP 1

Rele: Si ou menm oswa yon moun ou konnen ap fè fas ak yon zak rayisman, rele 911.

Nòt: Si w bezwen èd nan lang ou pale a, bay non lang oswa non dyalèk ou a (e.g., “Mandarin”) ann Anglè. Sa ap pran yon ti tan pandan operatè 911 lan ap konekte apèl ou a ak yon entèprèt.

ETAP 2

Pataje Bonjan Enfòmasyon: Y ap voye Ofisye patwouy NYPD kote w ye a epi y ap pran enfòmasyon sou ensidan an, ki gen ladan nenpòt motif prejije. Aprè sa, Goup Travay sou Zak Rayisman nan NYPD (NYPD Hate Crime Task Force), ki se yon inite espesyalize nan NYPD, ap apwofondi ankèt la plis epi detèmine si yo ta dwe konsidere ensidan kòm yon zak rayisman.

ETAP 3

Swivi: Nan pifò ka yo, yon defansè viktim krim vil la asiyen ap fè swivi avèk ou nan lespas 24 a 48 èdtan pa telefòn ak pa lapòs. **Nòt:** Apèl yo ka fèt sou yon nimero ki bloke si se nan yon sikonskripsyon yo rele w, epi si yo pa kapab jwenn ou, y ap kite yon mesaj vokal ak yon nimewo telefòn pou w ka retounen yo apèl la.